

Enfòmasyon siplemantè

Pwogram konsiltasyon siplas

Estanda depatman travay Massachusetts
(508) 616-0461
www.mass.gov/dols

OSHA Regional Office

JFK Federal Building – RoomE340
Boston, MA 02203
(617) 565-9860
www.osha.gov

Sant pou rechèch ak fòmasyon nan chantye

Resous ak materyèl sekirite pou nechèl
www.cpwr.com

MA FACE Project

Occupational Health Surveillance Program
Massachusetts Department of Public Health
(617) 624-5627
www.mass.gov/dph/FACE

FACE se yon pwojè Massachusetts Department of Public Health pou anpeche domaj nan travay. FACE pa responsab pou aplikasyon estanda sou sekirite. FACE fè ankèt sou lanmò ki rive nan travay pou l kapab konnen kisa ki lakòz risk ki pwovoke domaj mòtèl pou kapab anpeche lanmò ankò.

Pwojè FACE la finanse pa National Institute for Occupational Safety and Health (NIOSH).

Yon gwo mèsè pou travayè endepandan ak tout lòt ki ede nan devlopman bwochi sa a.

*Last updated 4/2016
Haitian Creole*

SEKIRITE PFAS : Sistèm pèsonèl pou estope yon chit

Pou bòs endepandan sou chantye rezidansyèl



Massachusetts Department of Public Health

Pwojè evalyasyon aksidan mòtèl ak
evalyasyon kontwòl
(FACE pou Fatality Assessment and
Control Evaluation)



Kenbe travayè ou yo sekirize — tout chit gendwa mòtèl osinon malfezan !

Ki lè pwoteksyon chit nesesè pou bòs sou chantye rezidansyèl ?

Pwoteksyon chit dwe founi bay nenpòt anplwaye k ap travay nan yon wotè 6 pye osinon wotè pi wo yon nivo ki anba li. Miyè pwoteksyon chit la se yon sistèm pasif poutèt li pa nesesite patisipasyon aktif travayè a : an kontan balistrad ak filè pou sekirite. Men pafwa li nesesè pou gen pwoteksyon aktif pou chit, tankou yon sistèm pèsonèl pou kanpe yon chit (PFAS pou personal fall arrest system).

Kisa PFAS ye ?

Yon PFAS (sistèm pèsonèl pou estope yon chit) gen twa seksyon prensipal :

- yon sele bride pou tout kò a ;
- yon kòd ki amòti nan chòk osinon yon kab an koukouman ;
- lank sekirize.

Lè l itilize dapre enstriksyon fabrik la **yon PFAS kapab sove lavi yon moun** si moun lan ta tonbe nan anpeche travayè a frape sifas ki anba a.

Malgre seksyon li yo, **yon PFAS pa chè epi l fasil pou sèvi**. Sistèm pèsonèl pou kanpe yon chit koute apeprè \$150.

Yon PFAS dwe pou toujou sèvi avèk dwa de rega yon moun ki konpetan, e se pou li nan pwogram pwoteksyon chit la.

Ki lè yon PFAS obligatwa pou bòs sou chantye rezidansyèl ?

Li obligatwa pou gen yon PFAS nan tout sitiyasyon kote yon anplwaye

- **pre yon chit vètikal** ki swa 6 pye oswa plis nan yon nivo ki pi ba ; epi
- **pa kapab gen pwoteksyon lòt pwoteksyon chit**, tankou balistrad.

Pa egzanp : Li obligatwa pou gen yon PFAS pou anplwaye konstriksyon k ap fè travay sou twati, travay sou yon elevasyon ayeryen, osinon nenpòt travay an wotè kote yo pa kapab gen pwoteksyon lòt pwoteksyon chit.

Presyon travayè endepandan gen pou yo fini yon travay konstriksyon egzaktman epi rapidman kapab pafwa eklipse desizyon sou sekirite nan moman an. Fè plan alavans kapab itil anpil tankou pou ekonomize tan nan travay la men li ka sove lavi tou.

Nan mwa novanm lane 2010, yon bòs ebenis nan Massachusetts tonbe 19 pye depi twati yon kay pou yon fanmi ki t ap konstri. Li mouri senk jou aprè poutèt domaj li soufri lè l tonbe a.

Malerezman, sa se sèlman youn nan anpil aksidan ki kapab evite. Li ta gendwa la toujou avèk fanmi l jodi a si gen itilizasyon yon sistèm pèsonèl pou kanpe yon chit osinon lòt sistèm te planifye alavans.

Kondisyon PFAS la

Tout PFAS dwe satisfè kèk kondisyon byen presi. Enpe nan kondisyon sa yo dekri annaprè a la.*

1 – Pozisyon lank lan

Pozisyon lank lan se yon pozisyon sekirize pou mare tout sistèm kòd ak kab pou anpeche yon chit.

- Lokalizasyon pozisyon lank yo dwe planifye anvan travay la kòmanse.
- Lokalizasyon lank lan dwe pou mare sou yon eskrikti, tankou yon poto, travès, chwal kay osinon chevwon.



- Lokalizasyon lank lan dwe kapab pran swa 5.000 liv pou chak travayè (pwa de ti otomobil) oswa defwa pwa ki prevwa a.
- Nan enstalasyon lokalizasyon lank yo, swiv enstriksyon fabrik la.

⚠ Piga janm sèvi avèk yon tiyo osinon kondit ayerasyon kou pozisyon lank lan.

⚠ Piga janm sèvi avèk vis pou plak plat nan enstalasyon yon lokalizasyon lank.


2 – Sele bride pou kò

Yon sele bride pou tout kò moun nesèsè pou yon PFAS. Sele bride kò a distribye fòs chit la pou diminye chans pou kò a blese. Li gen ladan l kouwa pou zepòl ak kwis, epi yon zanno sou fòm yon D.

⚠ Sentiwon pou kò pa janm dwe nan yon PFAS.

⚠ Fè atansyon pou zanno ki gen fòm D yo pi laj pase kwochè presyon an.

Remak : Zanno ki gen fòm D ki konekte sou yon sele bride byen mete sipoze lokalize nan sant pati anwo do moun lan .



⚠ Se pa tout seksyon nan PFAS ki kapab chanje youn ak lòt.

3 – Aparèy pou koneksyon

Yon kab an koukouman osinon kòd ki absòbe chòk ansanm avèk koneksyon li yo itilize pou konekte yon sele bride tout kò a avèk sistèm lank lan.

⚠ Pa janm kwoke kòd yo ansanm amwenske fabrik la li sa akseptab.

⚠ Kòd ki absòbe chòk ak kab an koukouman raman asòti – piga konekte.

Diferan sòt koneksyon tankou mousketon, kwochè presyon, zanno ki gen fòm D, ak kòd sekirite. Koneksyon yo dwe pou yo gen yon fòs traksyon minimòm 5.000 liv.

4 – Desant & sovtaaj

Ou dwe gen yon plan pou sove yon travayè ki tonbe men ki sekirize.

- Plan pou sovtaaj dwe tabli pou ogmante osinon bese yon travayè an sekirite san l pa janm glise tonbe.
- Se pou plan revize detanzantan.

Enspeksyon & antretyen

Fè enspeksyon PFAS la anvan chak itilizasyon pou wè si l domaje osinon ap deteryore. Si nenpòt seksyon yo domaje, se pou pa sèvi ak aparèy la touswit epi detwi l, osinon mande pou yon sant sèvis ki otorize pou ranplase l.

Ekipman dwe estoke nan kote ki frè, pwòp, pa mouye ki pa anba solèy.

Fòmasyon

Se tout anplwaye ki dwe fòm pa yon moun ki gen konpetans sou kijan pou sèvi avèk yon PFAS.

Yon moun konpetan, poutèt fòmasyon osinon eksperyans li, byen enfòm sou estanda konsènan yo, kapab idantifye danje nan travay ki asoye avèk yon travay presi, epi gen otorite pou l korije rapdi nenpòt danje travayè yo genyen.

Se pou anplwaye yo fòm ankò chak lè gen chanjman sou chantye a ki konsène plan, òganizasyon osinon itilizasyon pwoteksyon chit.



* Bwochi sa a sèlman prezante sa ki pi enpòtan yo. Gane nan estanda OSHA 29 CFR 1926.502(d) pou yon lis konplè sou kondisyon PFAS yo.